

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Dina hirup kumbuh sapopoé masarakat moal bisa leupas tina kagiatan komunikasi basa, kitu deui masarakat Sunda. Salaku pakakas komunikasi, basa dipaké pikeun ngébréhkeun pikiran, kahayang, pamadegan, gagasan, atawa ideu ti panyaturna, boh sacara lisan boh tulisan. Pikiran, kahayang, gagasan, atawa ideuna bisa ngawujud dina wangun karangan, saperti: dongéng, carpon, novel, sajak, carita pantun, jeung wawacan.

Basa téh minangka salasahiji unsur nu penting dina hiji karya sastra, lantaran basa minangka bahan, alat, jeung sarana nu ngandung ajén dina ngawujudkeun hiji karya. Sajaba ti éta, basa dina hiji karya sastra miboga fungsi salaku unsur kaéndahan, ieu hal mangrupa aspék tina éstétika.

Sudaryat (2015, kc. 252) nétélakeun yén unggal karya sastra sok ngagunakeun unsur-unsur basa nu sipatna éstétis, upamana gaya basa. Gaya basa mangrupa *scheme* salaku wangun dasar saperti sora, kecap, jeung kalimah. Gaya basa minangka pameungkeut antara basa jeung sastra, diungkab ku stilistika, kaasup purwakanti (*rima*). Éta ungkara luyu jeung pamadegan Wellek jeung Warren (1989 kc. 199) yén rima miboga makna sarta peran penting dina ngawangun ciri puisi sagemblengna. Kekecapan dihijikeun, disaruakeun, atawa dikontraskeun ku ayana rima. Ku kituna, basa dina karya sastra dicipta pikeun ngahontal ajén inajén éstétis hiji karya. Makna, kontéks, jeung nada diperlukeun pikeun ngarobah sora linguistik jadi hal anu artistik.

Kiwari geus arang masarakat Sunda anu apal kana purwakanti, komo deui ngalarapkeun dina kagiatan sapopoé, padahal ieu élmu téh kacida mangpaatna pikeun diguar tur dipikapaham ku masarakat Sunda, boh pikeun kamampuh nyarita boh pikeun ngaaprésiasi hiji karya sastra. Kitu deui dina sababaraha pangajaran basa jeung sastra Sunda ogé geus arang anu ngabahas ngeunaan purwakanti boh di SMP boh di SMA, padahal wanoh tur ngawanohkeun

purwakanti ka generasi satuluyna téh minangka lajuning laku dina ngarojong mekarna khazanah basa jeung sastra Sunda.

Purwakanti réa kapanggih dina karya sastra wangun ugeran, salasahijina dina karya sastra carita pantun *Budak Mandjor*. Ilaharna kekecapan anu murwakanti téh kapanggih dina rajah, narasi, jeung déskripsi. Carita pantun kaasup kana sastra lisan, sabab dina pidangan carita pantun éstu ditalar ku juru pantunna. Hartina kaparigelan nyarita juru pantun dina ngagunakeun kekecapan nu murwakanti téh geus jadi kacapangan sapopoé.

Carita pantun miboga harti nu jero pikeun kahirupan urang Sunda sakumaha nu diébréhkeun ku Rosidi (1983, kc. 43) yén dina lakon pantun téh kagambar jiwa, pilsapat, sarta kapercayaan urang Sunda baheula. Malah lian ti éta, dina carita pantun kagambar kajembaran jiwa urang Sunda nu bébas merdéka, saméméh dijajah deungeun.

Ku kituna, medar purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor* éstu loba pisan mangpaatna. Sajaba ti bisa ngaguar gaya basa nu digunakeunana, tétéla pilsapat jeung kabiasaan urang Sunda ogé bisa kaguar. Sacara praktisna purwakanti dina carita pantun bisa digunakeun pikeun bahan ajar aprésiasi sastra, utamana aprésiasi sastra wangun ugeran kayaning mata pelajaran carita pantun di SMA kelas XII.

Aya sababaraha hasil panalungtikan saméméhna anu nalungtik purwakanti jeung carita pantun, di antarana: (1) “Unsur Purwakanti dina Babasan jeung Paribasa Sunda pikeun Bahan Ajar di SLTP” (Erni Kurniawati, 2004); (2) “Gaya Basa jeung Purwakanti dina Novel *Sekar Karaton* Karangan Aam Amilia” (Meina Ikhsani, 2004); jeung (3) “Purwakanti dina Kumpulan Dangding *Jamparing Hariring* Karangan Dédy Windyagiri” (Adé Indayati, 2005).

Dina panalungtikan “Unsur Purwakanti dina Babasan jeung Paribasa Sunda pikeun Bahan Ajar di SLTP” (Erni Kurniawati, 2004) eusina ngeunaan wanda purwakanti dina buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* beunang Budi Rahayu Tamsyah, spk., pangaruh purwakanti kana babasan jeung paribasa, sarta larapna purwakanti hasil panalungtikan pikeun bahan ajar di SLTP. Sasaruan jeung

panalungtikan nu baris dilaksanakeun nyaéta dina pamarekan analisis purwakantina, sedengkeun objék panalungtikanna mah béda.

“Gaya Basa jeung Purwakanti dina Novel *Sekar Karaton* Karangan Aam Amilia” (Meina Ikhsani, 2004) eusina ngeunaan gaya basa jeung purwakanti nu kapanggih dina novel *Sekar Karaton* karangan Aam Amilia. Sasaruan jeung panalungtikan nu baris dilaksanakeun nyaéta dina pamarekan analisis purwakantina, sedengkeun objék panalungtikanna mah béda.

“Purwakanti dina Kumpulan Dangding *Jamparing Hariring* Karangan Dédy Windyagiri” eusina ngeunaan wanda purwakanti sarta pangaruhna kana rumpaka dangding *Jamparing Hariring* karangan Dédy Windyagiri. Sasaruan jeung panalungtikan nu baris dilaksanakeun nyaéta dina pamarekan analisis purwakantina, sedengkeun objék panalungtikanna mah béda.

Dumasar kana babandingan di luhur, ieu panalungtikan tangtu béda jeung panalungtikan saméméhna. Carita pantun *Budak Mandjor* can kungsi aya nu ngaguar ngeunaan purwakantina. Ku kituna, panalungtikan judul “Purwakanti dina Carita Pantun *Budak Mandjor* pikeun Bahan Ajar Aprésiasi Sastra di SMA” dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus dipedar aya sababaraha masalah anu muncul dina ieu panalungtikan, nyaéta di antarana waé:

- 1) masarakat teu wanoh kana purwakanti;
- 2) masarakat geus arang nu bisa ngalarapkeun purwakanti dina basa sapopoéna;
- 3) langkana sarana pangajaran aprésiasi sastra anu maluruh purwakanti; jeung

Pikeun ngungkulan masalah di luhur aya sababaraha asumsi nu muncul, nyaéta:

- 1) dina karya sastra Sunda réa kapanggih purwakanti;
- 2) purwakanti réa kapanggih dina karya sastra wangun ugeran, salasihijina dina karya sastra buhun anu disebut carita pantun; jeung
- 3) purwakanti dina carita pantun bisa dijadikeun bahan ajar apésiasi sastra di SMA.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana identifikasi anu geus dipedar di luhur, masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun saperti di handap ieu.

- 1) Purwakanti naon waé nu aya dina carita pantun *Budak Mandjor*?
- 2) Kumaha wanda purwakanti anu aya dina carita pantun *Budak Mandjor*?
- 3) Kumaha pola purwakanti dina papasingan wandana?
- 4) Kumaha larapna purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor* pikeun bahan ajar aprésiasi sastra di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtuna boga tujuan. Kitu deui dina ieu panalungtikan, sarua boga tujuan, aya tujuan umum jeung aya tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalahna, ieu panalungtikan téh boga tujuan umum pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun wanda jeung pola struktur basa purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor*, katut bahan pangajaranana di sakola.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nyaéta:

- 1) purwakanti anu aya dina carita pantun *Budak Mandjor*;
- 2) wanda purwakanti anu aya dina carita pantun *Budak Mandjor*;
- 3) pola purwakanti dina papasingan wanda purwakanti; jeung
- 4) larapna purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor* pikeun bahan ajar aprésiasi sastra di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban tur mekarkeun élmu stilistik katut élmu atikan. Ari sababna tina ieu panalungtikan, purwakanti disusun pikeun bahan ajar aprésiasi sastra di SMA.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat utamana pikeun guru, siswa, masarakat jeung nu nulis. Pikeun guru, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi acuan pikeun guru basa Sunda dina nepikeun pangajaran aprésiasi sastra. Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kaweruh ngeunaan purwakanti. Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kaweruh ngeunaan purwakanti jeung carita pantun dina pangajaran basa jeung sastra Sunda. Pikeun nu nulis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina widang paélmu stilistik katut élmu atikan.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan miboga pungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah dina panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi lima bab, saperti anu dipedar di handap ieu.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu dibagi jadi mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga nulis skripsi.

Bab II Ulikan Tiori jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan tiori-tiori nu ngadadasaran panalungtikan, sarta posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélmu. Ieu bab disebut ulikan pustaka, anu eusina panalungtik ngabandingkeun sarta matalikeun masalah nu ditalungtik jeung tiori-tiori, sarta hasil panalungtikan nu geus aya saméméhna nu ditalungtik ku para ahli.

Dina Bab III Métoeu Panalungtikan, dipedar ngeunaan métoeu panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan, nyaéta ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, ngeunaan analisis data jeung pembahasan hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung tiori-tiori dina bab II.

Bab V Kacindekkan jeung Saran, eusina mangrupa kacindekan jeung saran atawa rékoméndasi pikeun panalungtikan saterusna. Kacindekan mangrupa jawaban tina daptar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékoméndasi ka pihak-pihak anu aya patalina jeung hasil panalungtikan, pikeun ayana lajuninglaku keur panalungtikan saterusna.